



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 49 MILYON DOLA NAN FINANSMAN ETA A POU AYEWOPÒ YO ATRAVÈ ETA NEW YORK

Finansman atravè Pwogram Sibvansyon nan Kapital Aviyasyon an

Fon yo sipòte modènizasyon, amelyorasyon operasyonèl, rezistans, ak ranfòsman sekirite

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 36 ayewopò piblik atravè Eta New York pral resevwa apeprè 49 milyon dola pou amelyorasyon enfrastrikti estratejik ki pral amelyore sekirite, fasilite inovasyon, pwofite resous ki egziste yo, avanse devlopman biznis, epi ankouraje dirabilite ak rezistans.

"Yon investisman solid nan ayewopò nou yo se yon investisman enpòtan nan kominote nou yo ak nan avni Empire State la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ayewopò yo se pòtay pou kominote gwo kou piti atravè Eta New York epi sibvansyon sa yo pral sèvi kòm yon tranplen pou lansman anpil nan enstalasyon sa yo nan 21èm syèk la ak odela."

Administre pa Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT), pwojè yo ki finanse atravè Pwogram Sibvansyon nan Kapital Aviyasyon (Aviation Capital Grant Program) an gen ladan konstriksyon nouvo anga ak reyabilitasyon anga ki egziste deja ak anak ki deja egziste, pwogram elektrifikasyon ak rediksyon kabòn, ekipman pou retire nèj ki nèf epi ki amelyore, ak modènize sistèm sekirite yo. Investisman sa yo pral sèvi pou pèmèt ekonomi ozalantou yo vin pi konpetitif nan nivo ekonomik avèk eta vwazen yo.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gouvènè Hochul te montre yon lòt fwa ankò ke li konprann ke investisman enpòtan nan transpò pral solidifye plas New York kòm lidè nan komès ak touris mondyal. Investisman sible sa yo pral sipòte pwojè ki pral gen yon enpak pozitif, ki dire lontan sou kominote lokal yo pandan y ap amelyore rezistans enfrastrikti transpò nou an."

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Finansman sa a ajoute sou investisman prèske 1 milya dola nan tout peyi a ke patnè federal nou yo te fè nan gouvènman an nan

kòmansman ane sa a, epi li pral non sèlman amelyore enfrastrikti ayewopò ki egziste deja yo, men tou eksperyans jeneral ak aksesibilite pasaje yo ki souvan itilize sant sa yo atravè New York. Atravè envestisman sible tankou sa yo, n ap ede aktivman satisfè demann ki ogmante pou vwayaj ayeryen, kreye opòtinite nan mendèv nou an, epi ranfòse ekonomi lokal nou yo."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Modernize ayewopò lokal nou yo pèmèt devlopman ekonomik epi atire touris ak biznis nan vil nou yo. Tout moun nan New York pral benefisye mezi sekirite ogmante yo, zòn renovasyon ak nouvo pwogram ki finanse pa envestisman Gouvènè a nan ayewopò nou yo."

Finansman ki soti nan Pwogram Envestisman nan Kapital Avyasyon an te atribiye ak pwojè sa yo:

CAPITAL DISTRICT - 8.8 milyon dola

-Ayewopò Entènasyonal Albany, Konte Albany - 1.6 milyon dola pou reyabilitasyon, renovasyon sekirite, ak modènizasyon efikasite enèji nan asansè ki egziste deja ki sitiye nan zòn tèminal ki egziste deja ak asansè garaj pakin nan nò yo.

-Ayewopò Konte Columbia, Konte Columbia - 2.4 milyon dola nan amelyorasyon bilding tèminal yo ki adrese laj enstalasyon ki egziste deja yo ak inefikasite enèji yo pa reyabilitasyon ak amelyorasyon ranplasman nan anpil nan eleman ki egziste nan espas zòn tèminal la, anga, ak sal pilòt yo.

-Ayewopò Konte Saratoga, Konte Saratoga - 1.5 milyon dola nan yon jeneratris sekou pou ijans ki pral mache ak liy gaz natirèl ki egziste deja.

-Ayewopò Konte Schenectady, Konte Schenectady - 0.9 milyon dola nan akizisyon ekipman pou retire nèj (snow removal equipment, SRE), espesyalman yon veyikil soufflez nèj gwo vitès ki gen de motè.

-Ayewopò South Albany, Konte Albany - 2.5 milyon dola pou abòde demann pou espas anga ki kouvri ki gen ladan konstriksyon yon hanga an T an metal prefabrike ansanm ak enstalasyon yon hanga lonbraj kouvè prefabrike.

NEW YORK SANTRAL - 5.5 milyon dola

-Ayewopò Konte Cortland, Chase Field, Konte Cortland - 2.5 milyon dola pou konstriksyon yon nouvo bilding anga pou estokaj avyon konvansyonèl ki gen ladan biwo ak yon agrandisman pakin pou veyikil ki egziste deja.

-Ayewopò Konte Oswego, Konte Oswego - 0.5 milyon dola nan akizisyon kamyon gaz aviyasyon.

-Ayewopò Rejyonal Syracuse, Konte Onondaga - 2.5 milyon dola nan faz konstriksyon yon pad pou deglasaj ak sant kontwòl reamenaje pou adrese pwoblèm kapasite ak sekirite aktyl yo.

FINGER LAKES –8.6 milyon dola

-Ayewopò Rejyonal Finger Lakes, Konte Seneca - 2.3 milyon dola pou konstriksyon yon bilding anga an T ki gen uit a dis bè pou estokaj avyon ki baze sou ayewopò, ki gen ladan fondasyon ak sòl an beton, nouvo ekleraj, priz kouran, ak doub pòt pliyant.

-Ayewopò Rejyonal Frederick Douglass Great Rochester, Konte Monroe - 1.1 milyon dola nan elektrifikasyon ayewopò ak rediksyon kabòn atravè yon pwogram ki ka ede elimine ekipman ak machin ki mache ak konbistib fosil epi jere kwasans ayewopò ak demann elektrik.

-Ayewopò Konte Genesee, Konte Genesee - 2.5 milyon dola pou konstriksyon yon enstalasyon estokaj pou ekipman pou retire nèj (SRE) ki gen ladan bilding lan, sèvis piblik, aksè pave, ak amelyorasyon sit ki asosye yo.

-Ayewopò Penn Yan, Konte Yates - 2.3 milyon dola pou konstriksyon yon anga an T ki gen uit bè ki gen ladan aksè pave, amelyorasyon drenaj, ak amelyorasyon pòtay sekirite yo.

- Ayewopò Williamson-Sodus, Konte Wayne - 0.4 milyon dola pou retire obstak nan ayewopò a, amelyorasyon anga an T, chajè veyikil elektrik, ak reyabilitasyon pave.

LONG ISLAND – 1 milyon dola

-Ayewopò Repiblik, Konte Suffolk - 1 milyon dola pou sekirite ak elektrifikasyon; ajoute yon bale pou retire nèj nan flòt ekipman ayewopò a, ranplasman fochez ayewodwòm pak tondez otònòm elektrik, epi ajoute estasyon rechaj veyikil elektrik nan pakin tèminal prensipal la.

MID-HUDSON – 1.5 milyon dola

-Ayewopò Rejyonal Hudson Valley, Konte Dutchess - 0.2 milyon dola nan acha de tondez elektrik ki kapab mentni zòn gazon ayewodwòm yo, ak acha de veyikil sipò elektrik pou vwayaj ki lye ak operasyon nan ayewopò a.

-Ayewopò Konte Orange, Konte Orange - 1.4 milyon dola nan agrandi zòn vizyèl ak kapasite teknolojik nan sistèm sekirite ak siveyans ki egziste deja ki gen ladan amelyore kamera sekirite ki egziste deja yo, ajoute nouvo kamera sekirite, ranplase klavye ki egziste deja nan pòtay otomatik yo epi bay teknoloji aksè a distans, kloti ak mayon an chèn, ak pòtay.

MOHAWK VALLEY – 4.5 milyon dola

-Ayewopò Konte Fulton, Konte Fulton - 2 milyon dola pou retire ak ranplasman de tank gaz aviyasyon anba tè ki deja egziste ki gen ladan sistèm distribisyon gaz ki deja egziste a ak yon nouvo fèm gaz ki gen ladan de tank gaz dènye modèl tèrès a ak sistèm distribisyon endepandan ki asosye yo.

-Ayewopò Entènasyonal Griffiss, Konte Oneida - 2.5 milyon dola pou renove ak ekipe bilding ki egziste deja pou akomode ekspansyon Navmar Applied Sciences Corporation (Sosyete Syans Aplike Navmar) ki pral lwe bilding nan alontèm.

NORTH COUNTRY – 7.7 milyon dola

-Ayewopò Rejyonal Adirondack, Konte Franklin - 1 milyon dola pou fini anga vil la epi li pral gen ladan sèvis elektrik modènize, ekleraj, enstalasyon yon sistèm chofaj, izolman, penti asye estriktirèl la, ranplasman twati ak revètman metalik, nouvo revètman panno, nouvo fenèt, ak nouvo pòt pèsònèl

-Ayewopò Memoryal Floyd Bennett, Konte Warren - 2.3 milyon dola pou retire yon anga an T ki deja delabre ak konstriksyon yon nouvo anga an T ki gen sis inite nan menm kote a.

-Ayewopò Entènasyonal Massena, Konte St. Lawrence - 0.1 milyon dola pou achte yon tondez ki gen fòm zèl chovsouri ak yon veyikil sipò pou retire nèj ki gen ladann yon kamyon klas komèsyal ak epandè materyèl ak lam chari.

-Ayewopò Piseco, Konte Hamilton - 0.1 milyon dola pou akizisyon yon chajez konpak pou antretyen miltip.

Ayewopò Entènasyonal Plattsburgh, Konte Clinton - 2.0 milyon dola pou yon nouvo anga an T ki gen uit bè ak espas biwo, ki gen ladan pave aksè amelyore, modifikasyon drenaj sit la, ak makaj sou pave a.

-Ayewopò Entènasyonal Watertown, Konte Jefferson - 2.1 milyon dola pou reyabilitasyon yon pòsyon nan anga an D pou pwolonje dire lavi itil li ki enkli ranfòsman anvlop bilding lan pou redwi zòn kote yo te idantifye defisyans yo.

SOUTHERN TIER – 5.1 milyon dola

-Ayewopò Corning-Painted Post, Konte Steuben - 0.3 milyon dola nan akizisyon yon ekskavatè ki gen atachman pou antretyen tèren.

-Ayewopò Rejyonal Elmira Corning, Konte Chemung - 0.8 milyon dola nan akizisyon ekipman elektrifye ak enfrastrikti rechaj ki asosye ak yo.

-Ayewopò Greater Binghamton/Edwin A. Link Field, Konte Broome - 0.8 milyon dola nan akizisyon plizyè pyès ekipman sèvis tèren (ground service equipment, GSE) ki gen ladan veyikil elektrik nan fòm traktè/remokè a pouse (gwo ak piti) pou prepare pou yon flòt elektrik nan yon fason estratejik.

-Ayewopò Entènasyonal Ithaca Tompkins, Konte Tompkins - 1.4 milyon dola pou konstriksyon yon etablisman Operasyon Ijans ki mezire 2,600 pye kare ki ta dwe lokalize nan yon etablisman ki pwopoze pou Ekipman Sekou ak Lit kont Ensandi/ak pou Retire Nèj nan Ayewopò (Airport Rescue and Fire Fighting/Snow Removal Equipment, ARFF/SRE) ke FAA ap finanse.

-Ayewopò Adjwen Warren E. Eaton, Konte Chenango - 0.6 milyon dola nan akizisyon yon nouvo veyikil ekipman pou retire nèj (chas nèj), ak atachman ki gen ladan chasnèj ak konbinezon zèl, ak tremi koulisans ak epandè pou materyèl dejivraj ak traksyon.

-Ayewopò Tri-Cities, Konte Broome - 1.2 milyon dola pou ranplasman enstalasyon ravitayman ki egziste deja a ak enstalasyon nouvo tank gaz ansanm ak yon nouvo lektè kat kredi oto-sèvis ak sistèm siveyans tank.

LWÈS NEW YORK – 6.3 milyon dola

-Ayewopò Entènasyonal Buffalo Niagara, Konte Erie - 2.2 milyon dola pou achte ak enstalasyon pasrèl pou anbakman pasaje (passenger boarding bridge, PBBs) ranplasman ak nouvo inite lè prekondisyone (pre-conditioned air, PCA) ak inite alimantasyon tèren (ground power units, GPUs) pou Pòtay 8 ak 22 nan Tèminal pasaje BUF la.

-Ayewopò Dunkerque Konte Chautauqua, Chautauqua County - 0.5 milyon dola pou ranplasman doub pòt anga pliyant ki deja egziste ak nouvo doub pòt elektrik pliyant.

-Ayewopò Jamestown Konte Chautauqua, Konte Chautauqua - 1.1 milyon dola pou amelyore espas komèsyal ki egziste deja nan bilding tèminal ayewopò an, ranplasman yon sistèm chofaj rapid nan yon anga ki egziste deja, ak ranplasman yon sistèm kamera sekirite ki egziste deja nan ak ozalantou tèminal la.

-Ayewopò Entènasyonal Niagara Falls, Konte Niagara - 1.3 milyon dola nan akizisyon 10 ekipman pou amelyore sekirite ak efikasite operasyon retire nèj ak jesyon bèt sovaj.
-Ayewopò LeRoy, Konte Genesee - 0.8 milyon dola pou reyabilitasyon wout taksi asfalte, liy taksi, espasikilasyon, ak zòn pakin veyikil yo, ansanm ak reyabilitasyon fèm gaz ki gen ladan ranplase ponp, kawotchou, ak kap yo.
-Ayewopò Minisipal Wellsville, Konte Allegany - 0.5 milyon dola nan direksyon demolisyon/retire twati anga nò ki egziste deja a ak enstalasyon yon nouvo sistèm twati an metal izole ak nouvo goutyè ak desant plivyal.

Yo te bay pwojè yo finansman gras ak yon pwosesis solisasyon konpetitif epi yo pral jije yo baze sou kritè ki byen etabli, tankou benefis ekonomik pou kominote ak antrepriz ozalantou yo, adwersans a plan devlopman ekonomik rejyonal, e amelyorasyon sekirite; efikasite operasyonèl amelyore; ak efikasite enèji ak rediksyon emisyon. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la angaje pou travay avèk esponsò lokal pwojè a yo pou akselere livrezon amelyorasyon sa yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)